Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 22 (9767) / 28 май 2018 с. / итни 12 Рамазан 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Райадминистрациялда

22 маялда районалъул администрациялда тIобитIана аппаратальул иргадулаб данделъи.

Гьелъул хал гьабиялде росун рукIана:

**1. Налогал ракIариялъул ккарал хIасилал.**

**2. Районцоязул гIарзабазул хал гьаби ва гьезие жавабал гьари.**

**3. Районалъул бетIерасул тIадкъаял тIурай абурал суалал.**

ТIоцебесеб ва лъабабилеб суалазда тIасан кIалъазе вахъана райадминистрациялъул экономикаялъулгун планированиялъул ва гIуцIиялъул суалазул отделалъул начальник Д.З. Сайдулаев.



КIиабилеб суалалда тIасан бицен гьабуна П.П. Базаевас.

Москваялдаса ва МахIачхъалаялдаса нилъехъе гьоболлъухъ щварал г1адамазе терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул комиссиялъул членаз районалда гьабураб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул комиссиялъул председателасул заместитель И.Б. Салимханов.



Районалъул бетIерасул кумекчи Гъ.Б. Гъайирбиевас гьениб бицана коррупциялде данде къеркьеялъул, росабазул администрациябаздего гIунтIун, гьелда т1ад гьабураб хIалтIул.

Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас гьенир рехсана бакIазул хIакимзабазул х1алт1улъ ругел гIоларел рахъал. Гьединго, гьес бицен гьабуна районцояз рачIарал гIарзал, хал гьабичIого ва чIванкъотIарал жавабал кьечIого, тезе бегьунгутIиялъул ва киналниги гьарурал хIалтIабазул хIакъикъат сайталда лъезе кколеб букIиналъул.

**«Щиб хIалтIи гьабуниги, нужеца гьеб халкъалъе загьир гьабе ва прессалъулгун щулияб бухьен кке»**, - ян абуна гьес данделъиялъул г1ахьалчаг1азда.

Хубар росдал гIолилал школалъул спортзалалде ричаялъул суалалда сверухъ хIалтIи гьабеян лъазабуна ХI. Мусаевас лъайкьеялъул управлениялъул начальник М.-р. МухIамаевасдаги.

*С.СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

## Жизнь, отданная служению народу

*(к 100-летию со дня рождения М.- С. Умаханова).*

6 июня исполняется 100 лет со дня рождения видного государственного и общественного деятеля России, Дагестана Магомед- Салама Ильясовича Умаханова.

С именем М.-С. Умаханова связывают целую эпоху в развитии Дагестана. Уроженец небольшого горного села Цудахар, Магомед-Салам Ильясович после получения среднего образования с отличием окончил Дагестанский рыбопромышленный техникум и в 1937 году стал секретарем Махачкалинского городского комитета ВЛКСМ. В годы Великой Отечественной войны воевал на Западном, Центральном, Брянском, 2-ом Прибалтийском и 1-ом Белорусском фронтах, участвовал в значимых военных операциях на территории нашей страны и за рубежом, дослужился до парторга 525-го стрелкового полка, был отмечен пятью боевыми орденами и многочисленными медалями.

После демобилизации из состава Военно-Морских Сил СССР М.-С. И. Умаханов вернулся в родную республику, где был утвержден в должности заведующего военным отделом Дагестанского обкома ВКП (б), с августа 1952 года по апрель 1953 года - председателя исполкома Избербашского округа, а с апреля 1953 года - министра легкой и пищевой промышленности.

За свою долгую политическую карьеру Магомед-Салам Ильясович поработал первым секретарем Карабудахкентского райкома КПСС. Председателем Совета Министров Дагестанской АССР, первым секретарем Дагестанского обкома КПСС, был депутатом Верховного Совета Дагестанской АССР и СССР.



При содействии М-С. Умаханова Карабудахкентский район республики вышел из отстающих в передовые.

За годы пребывания М-С. Умаханова на посту Председателя Совета Министров ДАССР и Первого секретаря Дагестанского обкома КПСС были созданы новые промышленные предприятия и отрасли экономики: электротехническая, приборостроительная, станкостроительная и др., построены Чиркейская и Чирюртовская ГЭС, начато возведение двух крупных гидроэлектростанций Сулакского гидрокаскада - Ирганайской и Миатлинской ГЭС, было введено в строй более 50 промышленных предприятий, построены новые типовые школы, в сельском хозяйстве появились крупные производства,

Около 30 лет М.-С. И. Умаханов представлял ДАССР в Верховном Совете СССР, возглавлял комиссию по охране природы и рациональному использованию природных ресурсов. Он использовал весь свой авторитет для привлечения в республику ресурсов союзных министерств и ведомств, создания новых предприятий и социальной инфраструктуры. После его выступления на XXV съезде КПСС были приняты стратегические решения о создании в республике сети санаторно-курортных и туристических комплексов и сохранении экологической системы Каспийского моря.

Благодаря построенным в регионе по инициативе депутата М-С. Умаханова предприятиям машиностроительной, легкой, пищевой промышленности горные территории оказались центрами индустриальной революции, в них создавались высокотехнологичные рабочие места с высоким уровнем оплаты труда. Это способствовало закреплению населения на территории исторического проживания народа, сохранению языка и национальной самобытности.

При поддержке М.-С. И. Умаханова в Дагестане были открыты университет и политехнический институт, укрепилась материально- техническая база Дагестанского филиала Академии наук СССР, подлинного расцвета достигли национальная литература и искусство, высокие результаты были достигнуты в сфере физкультуры и спорта.

Магомед-Салам Ильясович Умаханов пользовался огромным авторитетом не только в Дагестане, но и за его пределами, значителен его вклад в укрепление братских связей с соседними республиками.

Замечательная судьба М.-С. И. Умаханова – пример честного служения своему народу и своей стране. Дагестанцы бережно хранят память о выдающемся земляке, ему установлен памятник в Махачкале, его имя носят улица дагестанской столицы, общеобразовательная и детско-юношеская спортивная школы, его памяти посвящен проводимый ежегодно международный турнир по боксу.

***Г. ДАВЫДОВ,***
***первый заместитель министра.***

## Цебесеб данделъиялда...

15 маялда т1обит1араб активалъул иргадулаб данделъиялда, Россиялъул профсоюзазе 100 сон т1убаялда хурхун, Баркалаялъул кагътал ва г1арцулал шапакъатал кьуна:

1. **Пат1а Саидиновна Айтемировалъе (социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул Управлениялъул начальник).**
2. **Г1адукав Пашаевич Базаевасе («Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул аппараталье нухмалъулев).**
3. **Асият Сулеймановна Х1асановалъе (социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул Управлениялъул профсоюзалъул г1уц1иялъул председатель).**
4. **Хизри Запирович Хизриевасе (райадминистрациялъул профсоюзалъул г1уц1иялъул член).**
5. **Асадг1али Х1ажиевич Мух1амадх1абибовасе (райадминистрациялъул финансазул Управлениялъе нухмалъулесул заместитель).**
6.

*ИНФОРМЦЕНТР.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# КIудияв ХIасанил тухум

Дилималдаса Мансуров Шамсудинил **«Салатавия»,** Дадаев Юсупил **«АхIул гохI - дир рекIел чIухIи»**, **«Апшероналъул полкалъул тарих»** абурал тIахьаздаги, ва нилъер республикаялда къватIибе биччалеб **«ХIакъикъат»**, районалъул **«Чапар»** газетаздаги хъван буго ва букIана Имам Шамилил Салатавиялда вукIарав наиб, дипломат, гIараб гIелмуялъул устар, 4-5 миллатазул мацI эркенго лъалев, лебалав рагъухъан, Буртунаялдаса кIудияв ХIасанил хIакъалъулъ.

Цересел, ригь арал гIадамазул ХIасанил тухумалъул хIакъалъулъ батIи-батIиял биценал рукIана.

Амма лъазе кIолеб букIинчIо гьев киса, щив кколев ва гьесул наслабазул нахъе хутIарал чагIи щал ругелали.

Ахирият соназ баянлъана гьадинаб хIужа. Кавказалъул рагъ байбихьилелде цIакъго цересIанал соназ Хунзахъе Пиракъалдаса вачIун вуго 3 вац. Гьезул инсуда цIар букIун буго Фирбудагъ (Пирбудагъ).

Щиб гIилла букIарабали лъаларо, гьел вацазул к1игояв-ХIасанги Хайрулаги гочун руго басрияб Буртунай росулъе. Х1асаница ячуна лъади, гьарула лъимал. Лъабго вас ва лъабго яс.

**1. Иразил, 2. ХIамзат,**
**3. Ила, 4. Батули,**
**5. Зазай, 6. ХIада.**

КIудияв ХIасанил эбелалда цIар букIун буго Ажа. Гьей ккола Хайрулал яс. Гьесул лъадиялда цIар букIун буго Апу.

Хайрулал цIар жинда лъурав Хайрулал лъимал ккола:

**1. Расул, 2. СагIидбег,**
**3. Ажа, 4 Нажабат.**

Илал цIар лъурав Илал лъади ккола Аку. Гьезул лъимал:

**1. МухIамад, 2. ГIумахан,**
**3. ХIасан, 4. Айзай.**

1812 соналъ байбихьула Кавказалъул рагъ.

Шамил имамасул бетIерлъиялда, Пурус пачаясде данде рахъуна дагъистаниял.

Басрияб росдада аскIоб, **«Теренгъо»** участокалда ккараб рагъда чIвала КIудияв ХIасан. Вукъула гьениб бугеб буртабазул хабалалъ.

ХIасанил вас ХIамзатица ячуна Халитил яс Улангерек. Гьезулги рукIуна 5 васги 3 ясги.

**1. МухIамадгIали – 1867с.**
**2. Бияхъай -1874с.**
**3. Халун – 1879с.**
**4. Задай – 1880с.**
**5. ПатIуч – 1885с.**
**6. ГIумар -1892с.**
**7. ХIасан - ?**
**8. Сурхай - ?**

Цогидав васас - Иразица ячуна Умаласул яс ПатIимат. Гьезие гьарула лъабго васги цо ясги.

**1. МухIамад – 1871с.**
**2. Юнус – 1881с.**
**3. ХIайбула – 1883с.**
**4. Зугьра – 1887с.**

Иразилги ПатIиматилги хъизаналъул нахъе хутIарал чагIи руго ХIамзатилги Улангерекилги вас ХIасаниеги гьесул лъади Пайшатиеги (Паша) гьарурал лъимал:

**1. ХIизбулахIажияв (ГIашал ХIизу), 2. ХIамзатхIажияв,**
**3. ХIисматулахIажияв, 4. Жарадат, 5. Асият, 6. Салимат.**

ХIасанил яс Асиятил васлъун ккола медицинаялъул гIелмабазул кандидат Писаев ХIабиб М-расулович.



ХIизбулахIажиясул - жинда наибасул цIар лъурав ХIасанхIажиясул вас ХIабибхIажи ва ИбрагьимхIажиясул вас ПисахIажиги. Гьез лъугIизабуна Египеталда бугеб исламияб институт. Руго тIадегIанал цIалул заведениялги лъугIизарун, батIибатIиял идарабазда хIалтIулел ХIасанил кьибилалъул васалги ясалги. Аллагьас баракат лъеги гьезда.

Яс - Халуница гьарула АслангIалиги (Асако), СайгидахIмадги, Аминатги, Бабаги (ПатIимат). Бабал яс СайихIатхIажиялъул вас - Коргъолиев Коргъоли МухIамадович ккола Хасавюрт шагьаралъул администрациялъул бет1ерасул заместитель.

ХIамзатил лъади Улангерекил рукIуна 2 вацги 3 яцги. Халитил Халитиеги ГъазиясуI ХIалиматиеги гьарурал:

**1. Муса – 1885 с.,**
**2. МухIамад – 1888 с.,**
**3. Таибат – 1882с.**
**4. Башу – 1890 с.,**
**5. Иси – 1887 с.,**

Мусаца ячуна 2-го лъади: **ХIаваги Ханикаги.**

Гьезул лъимал ккола:

**1. СагIидбег, 2. ХIабизат, 3. Иси, 4. Уланбег,**

МухIамадиеги гьесул лъади Аймесиеги рижуна:

**1. АхIмад, 2. Расул, 3. Асудин, 4. Хадижат, 5. ХIалимат.**

Башул рукIуна 2 васги 3 ясги.

**1. Ниязбег, 2. Анарбег, 3. Жугьарат, 4. Жарадат, 5. Нажабат.**

Гьаб макъалаялъе далиллъун ккола тIадехун цIарал рехсарал тарихчагIазул тIахьазда, 1895 соналъ Россиялъул империялъул хасаб комиссиялъ Буртунай росдал гIадамазул гьабураб хъвайхъвагIазда ругел баянал ва ригь арал гIадамазул биценаздаса хIужаби.

Улангерекил эмен Халитги гьелъул бетIергьанчи ХIамзатги лъабго нухалда лъелго уна ХIежалде. Гьелдаса хадуб гьезде ХалитхIажи, ХIамзатхIажи ян абула. ГIараб гIелму цIаларал чагIи рукIанилан гьеланги бицен буго.

Аллагьас тIолазулго мунагьал чураги.

Газеталъул хадусел номеразда бицен гьабизе буго кIудияв ХIасанил тухумалда рукIарал цогидал вацалгун яцазул, хъизабазул хIакъалъулъ.

ТIадехун рехсаралда сверухъ нужеда лъалеб, рагIараб щибниги батани, гьарула редакциялда лъазабеян. Тел.: ***8-988-202-II-08***

***М.ГI. ЧУПАЛАЕВ.***
***Хадусеб букIине буго.***

*Дилим росдал школалъе-100 сон!*

# ГIасруялъул тарихалъулъ…

Дилим росдал школалъ (лицей) нахъа тараб гIасруялъулаб тарихалъулъ хасаб бакI ккваялъе мустахIикълъана ГIабдулкеримов Абубакар ХIосеновичги.

Росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадусан, 1962 соналъ,А. ГIабдулкеримов лъугьана ДГУялъул къватIисел пачалихъазул мацIазул факультеталде (Гьес тIаса бищана ингилис мацI). Университеталдасан гьев ахIана БагIараб Армиялъул мухъилъе. ТIадаб налъиги тIубан, тIадвуссарав Абубакарица цIали лъугIизабуна. 1971 соналъ А. ХIосеновичас байбихьана гIагараб школалда ингилис мацIалъул дарсал кьезе.



Гьев вукIана, цIалдохъабазда къватIисел улкабазул мацI малъиялъе, тIадегIанаб цIалул заведение лъугIизабурал районцоязул тIоцевесевлъун. Гьаваридаб лъай щварав, цIалдохъабигун хIалтIиялъул батIибатIиял къагIидаби лъалев А. ХIосенович лъикI кьабул гьавуна мугIалимзабазулгун цIалдохъабазул коллективаз.

**«Цогидаздаса жавабчилъи тIалаб гьабизе ккани, живгоги вукIине ккола жавабчилъи цIикIкIараблъун»**,-ан абулаан гьес.

Гьесул хIаракаталдалъун, школалда гIуцIана лингафоннияб кабинет ва ингилис мацI бокьулезул клуб. Клубалъул членаз бухьенал гьарулаан улкаялъул гьединалго клубалгун, гьелъги квербакъулаан цIалдохъабазда гьоркьоб гьудул - гьалмагълъи щулалъизабизе, мацI цIикIкIун лъазе. А.ГIабдулкеримовасул цIалдохъабаз районалдагун республикаялда тIоритIулел батIи-батIиял къецазда, олимпиадабазда росулаан призалъулал бакIал, гьел рахъунаан чемпионаллъун. Гьезда гьоркьоб хасаб бакI ккола ГIама Мусашайихович ГIазаевас ва Марат Бексултанович ГIалхановас. ГIама вахъана 8-11 классазда гьоркьор, республикаялъул даражаялда, тIоритIарал къецазул призерлъун. Марат цо соналъ цIалана США<?>ялъул Техас штаталъул тахшагьар Хьюстоналда ва гьесие гьениб щвана гьоркьохъеб лъай босиялъул аттестат. Гьениса тIадвуссун хадуб, гьес меседил медалалда лъугIизабуна гIагараб школа, ГIамаца -гIарцул медалалда.

А.ХI. ГIабдулкеримов вукIана къисматалъго жиндие батIибатIиял махщелал кьуравлъун. Бажари бугев гIуцIарухъан, цевехъан гуревги, гьев вукIана цIалдохъабазул эркенаб заман пайдаяб рахъалде буссинабизе махщел бугевлъун. Гьедин, Абубакарица школалда гIуцIун букIана кьурдухъабазул ансамбль, ва гьелъ, районалъул школазда гьоркьоб т1орит1улел художественнияб самодеятельносталъул къецазда, росулаан призалъулал бакIал. Мухъилав мугIалим, директорасул заместитель, директор (1997- 2003сс.), гьединаб буго гьесул хъулухъалъулаб силсила. Бокьулеб хIалтIи гьес течIо захIматаб унтиялъ гьелдаса ватIа гьавизегIан. РакIбацIцIад, бажарун, магIаруласул яхI-намус цIунун, гьев хIалтIулев вукIараблъиялъул нугIзаллъун ккола **«РСФСРалъул халкъияб лъайкьеялъул отличник»** абураб каранда балеб гIаламат, **«Дагъистаналъул мустахIикъав учитель»** цIар, ХIурматалъул грамотаби ва цогидалги шапакъатал. А.ХI. ГIабдулкеримов даималъ хутIила цадахъ хIалтIаразул, гьесул цIалдохъабазул ва гьев лъалев вукIаразул ракIазулъ. Гьев гьелъие мустахIикъавги вукIана.

***ХI. ГIАБДУЛМУСЛИМОВ,***
***лицеялъул мугIалим.***

## *Спасибо, доктор!*

В первый раз я оказался на столе хирурга в 2003 году, мне удалили аппендикс, оперировал хирург ЦРБ Адачов Юнус Айтемирович.

Наверное, никто из нас не желает, не только оказаться на хирургическом столе, но и вообще попасть в больницу. Мы не вольны над судьбой, и мы не знаем, что она преподнесёт в следующую минуту в нашу жизнь.



В марте сего года я опять попал в больницу. Мне предложили терапевтическое лечение, но это не помогло, потребовалось хирургическое вмешательство. С этим блестяще справился хирург Юнус и я здоров. Он лечит не только скальпелем, его тихий, уверенный голос тоже является одним из звеньев **«в цепи»** лечения больного. Умение настроить больного на удачный результат - вот что выделяет Юнуса Айтемировича.

Хочу через газету **«Чапар»** выразить огромную благодарность хирургу Адачову Юнусу, урологу Юсупову Расулу, медсестре Сатабаевой Марьям и санитарке Атабаевой Алипат.

Спасибо вам, люди в белых халатах!

***Рамазан ГИРИМОВ, с. Калининаул.***




## ХIурматиял газета цIалулел!

Унеб буго гьаб соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-286 гъур.**

# Гъабулеб бугинги абун,..

Балъголъи гуро, ахирияб заманалда, къойидаса-къойидейин абухъего, Россиялда ва, гьединго, Дагъистаналда гIадамазул гIунгутIаби, ва цоцаздехун адаб-хIурмат гьечIолъи гIемерлъулел рукIин.

Гьедин букIиналъ батила, рищиял лъугIун хадусан букIараб хIакимзабазул данделъиялда, В.В.Путиница абураб: **«Нилъеца гьабулеб хIалтIулъ кIваргьечIолъи биччалеб буго ва гьеб 98,8% процентанда бащалъула»**, - ян.

**Гьединго, МВДялъул цо данделъиялда нилъер республикаялъул бетIер В.Васильевас абуна: «Республикаялда бугеб ахIвал-хIалалда тIад «пудра бахунеб» къагIида гIуцIун буго хIакимзабаз. Республикаялда бугеб гIи-цIаназул къадар 5 миллионалде гIагарун бугин бицунеб буго. Гьедин батани, кибеха араб гьездаса къунцIараб квас ва гьан? 1 млн. 400 азарго тонна овощазул бакIарун буго исана, Советияб заманалдацин бакIарулароан 400 азарго тонна овощазул Дагъистаналда, гьелдаги цIакъго гIемераб «пудра» бахун букIин бихьулеб буго»**, - ян.

ЖамгIият цебетIезабиялъул ва инсанасул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ Россиялдаса бачIараб комиссиялъ гьабураб хал гьабиялда бихьизабулеб буго Дагъистаналда гIемерал гIунгутIаби (прокуратура, полиция, ва гь.ц.) рукIин ва, гьединго, гьаниб ритIухълъи гьечIолъи букIин.

**«ХIакимзабаз жидерго гIага-божаразе, гьудул-гьалмагъзабазе кьолел руго хIалтIи ва хъулухъал»**, - ан бихьизабулеб буго гьебго комиссиялъ. Гьелъго бихьизабуна республикаялъул буголъиялъул ва ракьазул сурсатаздаса пайда босиялъул Министерствоялъул хIалтIи гIейгьечIолъиги.

Россиялъул хIукуматалъ кIудияб кIвар кьолеб буго Дагъистаналъул халкъалъул яшав лъикIаб рахъалде буссинабиялде.

**«2018 соналъ Дагъистаналъул бюджет, араб соналде данде ккун, гIезегIанго цIикIкIинабуна. Амма нилъеца щибаб гъурущил жаваб кьезе ккола пачалихъалда цебе. Гьедин гьабила дицаги гьабизе буго нужецаги.**

**Цадахълъугьун, кьеркьезе руго рищватчилъиялде данде. Жакъа нилъ данделъун руго, цадахъ рекъон, хIалтIизе ккеялъул бицине»**, - ян абуна В.Васильевас **«Россиялъул бусурбабазул рухIияб ирс цIигьаби»** абураб темаялда тIобитIараб гIелмиябгун практикаялъулаб конференциялда.

Гьаниве вачIинелде цебе Дагъистаналъе бетIерлъи гьабизе витIулев Владимир Васильевас ПачалихъалъулДумаялъе рагIи кьуна Дагъистаналъе биччараб щибаб гъурщил хIисаб гьабизе ва гьеб харж гьабураб бакIалъул жаваб кьезе.

Цоги гьес абулеб буго: **«Дагь - дагьккун тIинкIулеб лъел къатIраялъги гамачI борлъулелъун, жал кьуризаризе кIоларел ганчIаллъун ругин ккараздаги картIал рахъун бажарулеблъи бихьизабизе заман щун буго»**, - ян.

ТIоцебесеб иргаялда, нилъеда цебе чIараб масъала буго халкъазда гьоркьоса дагIба-рагIи лъугIизаби, батIи-батIиял миллатазул цоцалъ жахIда-хIусуд букIунгутIиялда сверухъ хIалтIи гьаби, тухумчилъиялъе ахир лъей.

КидалъизегIан нилъ рукIине ругел цоцазул гIунгутIаби какулел? ХIажат буго жидер тухумалъул мурадазе гIоло хIалтIулезде щибаб къойилаб дандечIей гьабизе.

Гьединлъидал, дие абизе бокьун буго нилъ рукIине кколин жамагIат бокьулеллъун, гьелъул рукIа-рахъин, гIадлу-низам бокьулеллъун, цоцазул адаб-хIурмат гьабулеллъун, жамагIатазда гьоркьор рикьалаби гьаризе риччалареллъун, цолъун, цоцазде божилъи гьабулеллъун, къадру- къиматги росулъ рацIцIа-ракъалъиги цIунулеллъун, сундуего битIараб къимат кьунги бажарулеллъун. Гьеб буго дир пикру.

Гьедин гьечIони, рихьдалиеги данделъун, хIалтIи гьабулеб бугинги ккезабун, щибниги лъугьунаро, гьеб бихьуларо ва гьелъ хайир кьоларо.

Росу буго росу. Гьелъул гIадамаз кьола тарбия, биун чорхолъе тIола лъикIабги квешабги, гьез малъула бегьулебги бегьуларебги, гьеб буго нилъер бечелъи, гьелъулъ буго нилъер талихI.

Гьединаб буго нилъер жакъасеб ва букIинисеб гIумру.

*Халид МУХIАМАДОВ, захIматалъул ветеран, Дилим росу.*

# Нижер Марият



Гьедин абула росдал гIадамаз Ленинаулъул участковияб больницаялъул медсестра Якъубова Мариям ГIисаевналъул хIакъалъулъ бицен гьабулаго. Гьей гьелъие мустахIикъайги йиго.

Мариям гьаюна 1968 соналъ Ленинаул росулъ.1985 соналъ школаги лъугIизабун, гьей 3 соналъ хIалтIана росдал **«Гьудуллъи»** колхозалъул ахил бригадаялда. Гьелдаса хадуб, М. Якъубова цIализе лъугьана Элиста шагьаралъул медучилищеялде. ЗахIматалъул нухде гьелъ гали тIамуна районалъул поликлиникаялда медсестралъун хIалтIизе лъугьиналдасан. Гьелдаса хадуй Мариям хIалтIана росдал школалда ва амбулаториялда. 2012 соналдасан байбихьун, Мариям хIалтIулей йиго Ленинаул росдал участковияб больницаялда. Росуцоязда гьей лъала гьимун гурони кIалъаларейлъун, кIвахI гьечIейлъун, жиндирго махщел рагIа-ракьанде щун лъалейлъун, тIаде босараб иш, ракIбацIцIадго, тIубалейлъун. Щиб заманалда ахIаниги, М. Якъубова унтаразде тIаде хехго щола ва гьабула гьезие хIажатаб кумек. Гьедин хIалтIулей гьеч1ейани, щвелароан гьелъие **«ТIадегIанаб категориялъул медсестра»**, **«Сахлъи цIуниялъул отличник»** абурал цIарал, бат1и-бат1иял шапакъатал ва гIадамазул щибаб къойилал баркалаял. ГIумрудул 28 сон кьуна Мариятица бокьулеб хIалтIуе. Гьелъ ва рос М-хIабиб Джамаевас,битIараб тарбия кьун, гIезабулеб буго лъабго лъимер.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьей унго-унгояй гIаданалъе.

*Аминат АСЛАНБАЕВА, Ленинаул росу.*

# Реццалъе мустахIикъал

Ахирияб заманалда гIемер бицуна инсанасулъа яхI-намус тIагIунеб, цоцадехунисеб бербалагьи чучлъулеб бук1иналъул ва, ахираталда тIад ургъичIого, дунялалъул лъикIлъабазда хадур лъугьунел рукIиналъул. Хал гьабураб мехалда гьедин бугизеги буго.

Амма жеги камун гьечIо, салул авлахъалда лъимгун гIурччинлъи бугеб бакI батулеб киннигн (оазис), жидеца гьабулеб ишалъулъ кIвахI биччаларел, жавабчилъи ц1икIкIарал,чияр захIмалъаби, жидералго гIадин, тIаде росулел в гьелгун кьеркьолел гIадамал. Гьелгун дандчIвараб заманалда ракI гIодобе биччала ва гьелъулъе цо кинабалиго тIутIлъи рещтIуна.

Унтаразда цIакъ лъик1 лъала, тохлъукьего тIад чIвараб унтиялъ, гьелъ, рахIат течIого, тохтурзабахъе ине ккеялъ, гьабулеб асар. Гьедин ккана диеги. Унтиялъ хIал лъурай дун ккана Ленинаулалъул участковияб больницаялде. Гьение щварайго дун къабул гьаюна бетIерав тохтур Шамсудин (Муса) Джамалудиновас. Гьес гьабураб хIеренаб, ракIчIараб каламалдасан бичIчIунеб букIана дун сахлъун гьенисан тIадюссине йикIин. Богогьабаздасан байбихьун, гьенир хIалтIулел киналго, гьимун гурони, унтараздехун кIалъалароан. Заманалда кьолел ва унтиялда рекъарал дарабаз, гьай-гьай, хIасил кьечIого букIунаро. Дун тIубан сахлъана.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI- ракIалъулаб баркала загьир гьабизе Ш. (Муса) Джамалудиновасе, гьес бетIерлъи гьабулеб коллективалъе ва гьезие гьал рагIаби сайгъат гьаризе.

**Ручка кодоб босун, рагIаби хъвазе**
**Дун рекIел ахIиялъ ячуней йиго.**
**Нужей рецц-бакъалъе, баркалаялъе,**
**Рекъарал рагIаби ратулел гьечIо.**

**Дару гьечIониги унти нахъчIвала,**
**Нужеца гьабулеб тIалаб-агъазалъ.**
**Рохалил дуниял, лъикIаб ахират**
**Кьеги БетIергьанас нуж тIолазего.**

**ХIалимал, хIеренал, Мариям, Равзат,**
**Мадинал, Гульжанат, Аминат, Марьям,**
**Узлифат, Шагьрузат, бетIерав тохтур,**
**БетIер къулун, кьола нужей баркала.**

*Маржанат ЯхIияева, Калининаул росу.*

# ХIисабкьеялъул данделъиялда...

19 маялда **«Дылымское»** ГУПалда тIобитIана 2017 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей. Гьелда тIасан кIалъай гьабуна ГУПалъул директор Г1. Г1. МухIудиновас. Гьес баян кьуна, пачалихъалда ругел захIмалъабазухъги балагьичIого, араб соналъ ГУПалъул коллективалъ гьабураб хIалтIул.

**«2016 соналде дандеккун, араб соналда, чIахIиял гьечIониги, ккана церетIеял. ХIажатал тIагIелал росун, нилъерго техника къачIана. Цере чIарал масъалабазул бищунго аслияблъун букIана хаслихъе культураби заманалда ракьулъе ккезари, агротехникаялъ рихьизарурал лъик1ал хьонал ралагьи. Гьедин, араб соналъ хьана 520 гектаралда хаслихъе культураби, гьездасан 474 га - могьолал культуразазул. 2016 соналде дандеккун, ц1ик1к1ана 1 гектаралдаса бач1унеб т1ощалил гIаммаб къадарги ва гьеб бахана 972 тоннаялде.**

**ГIи-боцIухъабазда бажарана гIи-боцIул къадар, гьездаса тIинчI боси, рахь бечIчIи, гьан гIезаби, 2016 соналдаса гIодоре ккезе течIого, цIунизе.**

**БечIчIараб рахь нилъеца кьола лъималазул ахазде,больницаялде ва цогидалги бакIазде. МагIишаталъул рес буго хIажатазе тайпа лъикIаб боцIул бачал ричизеги.**

**2016 соналдаса дагьаб бугониги, магIишат жиндиего пайдаялъе хIалтIана. Ихдалил культуразазул рахъ рехсани, фермаялда (Юрт) сверухъ ругел ракьазул 23 гаялда горох, гъутаналда ругезул 70 гаялда пиринчI ва 160 гектаралда люцерна хьана, хIадурана 100 т. харил, гьединго, лъуна 200 т. силосалъул.**

**«Гъалако» гъутаналда ругел ракьазда сверухъ бугеб дагIба-къецалъ, рес кьолеб гьечIо гьел хIалтIизаризе. Гьелъул хIасилалда, щибаб соналъ магIишаталъе кколеб зарал бахуна 1 миллион гъурущалде»**,-ян бицана Г1. Мух1удиновас.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз гьоркьохъеб къимат кьуна 2017 соналъ ГУПалъе нухмалъулез гьабураб хIалтIуе.

*И. ИДРИСОВ.*

# Инсан ва гIумру

## Баркала нужее, лъикIал гIадамал!

Нижер вас-Салимгереев МахIмуд гIумруялдаса ватIалъана 1999 соналъ Чабанмахи ва Карамахи росабалъ ккарал тунка-хIусиялъ. Гьесул цIар кьуна росдал гимназиялъегун къотIное. Гьев ракIалде щвезавиялда хурхун, лъималазул ахаздасан байбихьун, тIоритIула батIи-батIиял тадбирал.

Гьединазул цояблъун букIана 26 апрелалда Дилим росдал №3 **«Къункъра»** лъималазул ахалда тIобитIарабги. Гьелъул хIакъалъулъ хъван букIана **«Чапар»** газеталдаги (№19, 7 май, 5 гьум.).

МахIмудил гIумрудул биценалдасан байбихьун, тарбиячагIазулгун лъималазул церерахъиназде гIунтIун, гьеб тадбир гIуцIун бугоан тIадегIанаб даражаялда. БитIахъе ракI хIайран гьабулеб къагIидаялда гIуцIараб программаялъ гьеб данделъиялъе кьолеб букIана цо кинабалиго хаслъи. Нижеда киданиги кIоченаро, нижер вас ракIалдещвезавиялда хурхун, тIобитIараб гьеб данделъи.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе **«Къункъра»** лъималазул ахалъул тIолабго коллективалъе ва гьеб тадбиралда гIахьаллъаразе.

**Салимгереевазул хъизан.**

# *ОМВД извещает…*

Во исполнение Указа Президента Российской Федерации от 07 мая 2012 года № 601 **"Об основных направлениях совершенствования системы государственного управления",** Федерального закона от 27 июля 2010 года №210-ФЗ **"Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг»** в административном здании ОМВД России по Казбековскому району функционирует кабинет по оказанию государственных услуг по направлениям:

-государственная услуга по выдаче справок о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования,

-государственная услуга по проведению добровольной государственной дактилоскопической регистрации в Российской Федерации.

Обращаться в кабинет № 13 ОМВД России по Казбековскому району. График приема: **понедельник, вторник, среда, четверг, пятница с 9.00 час. до 17.00 час, суббота с 09.00 час. до 13.00 час.**

Предварительная запись по телефонам: 988-301-68-30.

Консультация по телефонам: (8722) 99-48-22, 988-301-68-30. -государственная услуга выдаче гражданского паспорта. Обращаться в миграционный пункт ОМВД России по ОМВД России по Казбековскому району, график приема: **понедельник, вторник, четверг, пятница с 09:00 час до 15:00 час, суббота с 10:00 час до 12:00 час. Перерыв: с 12:30 час. до 14:00 час. Не приемные дни среда.**

Кроме того, МВД по Республике Дагестан предоставляет государственную услугу для получения справок о реабилитации жертв политических репрессий, архивных справок, проставление апостиля на официальных документах, подлежащих вызову за пределы территории РФ. Заявители могут направить Интернет-обращения путем заполнения специальной формы в федеральной государственной информационной системе **«Единый портал государственных и муниципальных услуг»** (www.gosuslugi.ru). Срок исполнения справок о наличии (отсутствии) судимости, архивных справок - 15 дней со дня поступления заявления в электронном виде.

Дополнительно сообщаем, что у граждан есть возможность предварительной записи для получения государственных услуг с помощью единого портала государственных услуг.

В системе **«горячей линии МВД России»,** в дежурной части МВД по Республике Дагестан функционирует абонентский телефонный номер- **«телефона доверия»** (8722) 98-48-48, входящие в систему **«горячей линии МВД России».**

## *Подведены итоги оперативно-профилактического мероприятия «Твой выбор».*

Мероприятие проходило с 5 мая по 15 мая 2018года, целью, которого является выявление, постановка на профилактический учет и разобщение групп несовершеннолетних антиобщественной направленности, а также лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение противоправных действий, формирование негативного отношения у подростков к противоправному поведению - проникновение в подростковую среду экстремистской идеологии.

С привлечением представителя комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав Магомедова М.Ю., руководителя просвещения при Муфтияте РД в Казбековском районе Темирбулатова И.Т., сотрудников мобильного отряда по охране общественного порядка, сотрудниками Отдела МВД России по Казбековскому району, проведено 15 встреч с учащимися с 7-11 классов в общеобразовательных учреждениях района, разъяснили об ответственности за участие в незаконных публичных мероприятиях, проведен комплекс мероприятий по формированию негативного отношения подростков к противоправному поведению, акции патриотической направленности.

Проверены места концентрации несовершеннолетних, проведены ночные рейдовые мероприятия по выявлению несовершеннолетних, находящихся на улице ночное время суток без сопровождения родителей.

Всего за время проведения оперативно-профилактического мероприятия **«Твой выбор»** сотрудниками полиции составлено 6 административных протоколов в отношении родителей по ст. 5.35 КоАП РФ (не исполнение обязанностей по воспитанию, содержанию и обучению своих несовершеннолетних детей). Доставлено в ОВД 3 несовершеннолетних. Поставлен на профилактический учет ПДН 1 несовершеннолетний.

***А.Г. ХАЛИДОВ,***
***начальник ОМВД, полковник полиции.***

# Прокуратура сообщает…

Прокуратурой района проведен мониторинг нормативных правовых актов в сфере противодействия коррупции на предмет их соответствия федеральному законодательству и достаточности правового регулирования в указанной сфере.

Мониторинг показал, что в нарушение требований антикоррупционного законодательства, 12 администрациями сельских поселений района правила предоставления сведений о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, а также о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера своих супруги (супруга) и несовершеннолетних детей лицами, замещающими должности руководителей муниципальных учреждений, правила их опубликования, проверки достоверности, порядок сообщения муниципальными служащими о возникновении личной заинтересованности при исполнении должностных обязанностей, которая приводит или может привести к конфликту интересов, не разработаны и не утверждены.

В связи с чем, прокуратурой района в адрес глав администраций сельских поселений внесены представления об устранении нарушений законодательства в сфере противодействия коррупции и привлечения виновных должностных лиц к дисциплинарной ответственности, по результатам рассмотрения которых, требования прокурора удовлетворены в полном объеме, 11 должностных лиц привлечено к дисциплинарной ответственности.

***М.М. ХАЛИЛОВ,***
***прокурор района, старший советник юстиции.***

## *Спорт - инсанасул сахлъи*

# «Лъимерлъиялъул XIII –абилеб олимпиадаялъулал» хIаял…

Дагъал церегIан къояз, **"Лъимерлъиялъул XIII - абилеб олимпиадаялъул х1аял"** абураб цIаралда гъоркь, МДЮСШялда тIоритIана районалъул лъималазул ахазда гьоркьор спортивиял хIаял. 13 лъималазул ахаздаса гьитIичал гIахьаллъарал гьел къецал гIуцIаразул мурадлъун букIана лъималазулъ спорталде рокьи, гьудул-гьалмагълъиялъулал бухьенал рижизари. Абизе ккола гьел хIаял гIуцIиялда ва берцин нухда иналда тIад гIезегIанго хIалтIи гьабун бугоанин. Гьел х1аязда жиб-жиб командаялъул букIана рет1а-къаялъул хасаб форма. Гьел къецазда ккана гьадинал хIасилал:

ЧIаралъусан кIанцIиялъулъ **«Маргьа»** ахалъул гьитIич-Тилахъаев Раджабил хIасилалда гIагарарав чи гьенив вахъинчIо. ГIужде **«таргьа»** рехиялъул рахъалъ тIоцебесеб бакIалде ячIана Гуни росдал **«Гьими»** ахалдаса Мусакаева РабигIат. Кегляби регизариялъулъ чемпионлъун вахъана Ленинаулалъул **«Чебурашка»** ахалдаса МухIамад ХIамзаев. **«Горинибе»** торгIо рехиялъул рахъалъ бергьенлъи босана МухIаррам ГIалижановас (Гуни). РикIкIаде торгIо рехиялъулъ бищун лъикIаб хIасил бихьизабуна Дилим росдал **«Къункъра»** ахалдаса МухIамадрасул ГIабдулгIазизовас.




Киналниги тайпабазул хIасил гьабун хадусан баянлъана хIаязул чемпионлъун Гуни росдал **«Гьими»** ахалъал гьитIичазул команда бахъараблъи, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде Дилималъул **«Маргьа»** ва **«Къункъра»** командаби рачIараблъи.

**«АбичIого гIоларо, гьел къецал гьитIичазе байрамлъун лъугьанин, гьез лъимал захIмалъаби къезариялде, къецазда гIахьаллъиялде ц1аялъе, спорталде рокьи бижинабиялъе квербакъанин»**,-ан абуна хIаязул хIасил гьабиялъул кIалъаялда ИМЦялъул начальник Марият ЛатIиповалъ.

Гьединго, гьитIинаб байрамлъун лъималазе лъугьараб гьеб тадбир берцин гьабуна **«Релъедакунчӏ»** (Дилим) ва **ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб** (Буртунай) лъималазул ахаздаса гьитIичазул музыкалиял церерахъиназ.

Призалъулал бакIал ккуразе гьенир кьуна медалал ва грамотаби. Къецазда гIахьаллъарал тIолалго лъимал кIодо гьаруна РУОялъул рахъалдасан кьурал сайгъатаздалъун.

***И. ИДРИСОВ.***

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №76 Тираж 1271*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*